# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

पूरा देस आजु कारगिल विजय दिवस मना रहल हौ। ई दिवस ओन्नइस सौ निन्यानबे में पाकिस्तान के खिलाफ भइल कारगिल युद्ध में सहीद भइल वीर जवानन के इयादि में मनावल जाला। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कारगिल में सहीद भइल लोगिन के सरधांजलि दिहले हवें। येह मौका पर लखनऊ के कारगिल सहीद स्मृति वाटिका में आयोजित कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि आजु क दिन भारत के महान सपूतन के इयादि कइले क दिन हौ। उहां के कहलीं कि कारगिल युद्ध पाकिस्तान भारत पर थोपले रहल, जेकर हमार वीर जवान मुहतोड़ जबाब दिहलें। येह मौका पर श्री योगी पुलवामो हमला क जिकिरि कइलें।

***पाकिस्तान को सबक सिखने में भारत के बहादुर जवानों को भारत की सेना को बाइस मिनट भी नहीं लगे। पाकिस्तान के आंतकी कैमों, कैम्पों को तहस–नहस कर दिया। प्रधानमंत्री मोदी जी ने यही कहा था कि पुलवामा में जिसने भी दुस्साहस किया उसको इसकी कीमत चुकानी पड़ी और फिर आपने देखा होगा इस बार भी पाकिस्तान चिल्ला–चिल्ला के अमरिका के पास पहुंचा। भारत एक मोर्चे पर कई–कई देशों से लड़ रहा था कहीं तुर्किये के द्वारा कहीं चीन के द्वारा और कहीं दुनिया के अन्य देशों के द्वारा भी उसे सहायता दी जा रही थी, लेकिन उस सब के बावजूद भारत के बहादुर सेना के सामने पाकिस्तान की एक नहीं चली और अंततः उसको समर्पण करने के लिये मजबूर होना पड़ा।***

बनारस में कारगिल विजय दिवस पर ओन्तालीस जीटीसी परिसर के वार मेमोरियल पर अमर सहीदन के इयादि में सैनिक लोगि फूल अरपित कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उन्नाव में बनल देस क पहिला निजी आर्टिफिशियल इंटेलीजेंस–एआई यूनिवर्सिटी क आजु उद्घाटन कइलीं। उहां के एके नया भारत के निरमाण के दिसा में एगो खास मील क पाथर बतावत कहलें कि ई नया यूनिवर्सिटी तकनीकी प्रगति अउर राष्ट्रीय सिक्षा नीति के उद्देस्य के साकार कइले क केन्द्र बनी। श्री योगी नौजवानन के डिजिटल अउर तकनीकी रूप से मजबूत बनावे बदे राज्य सरकार के कोसिसन, निजी अउर सरकारी निवेस के उपलब्धियन आ सिक्षा अउर उद्योग सहजोग के दिसा में भइल सुधारनो के रेखांकित कइलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बिहने भिन्नहीं इग्यारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम के जरिये देस–बिदेस के लोगिन के सम्बोधित करिहें। ई येह कार्यक्रम क एक सौ चउबीसवीं कड़ी होई। ई कार्यक्रम आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार के वेबसाइट अउर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर सोझै प्रसारित होई।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में बिहने आयोजित होखे वाला समीक्षा अधिकारी–आरओ अउर सहायक समीक्षा अधिकारी–एआरओ परीक्षा दुइ हजार तेइस के ले के सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश के सभी पचहत्तर जिलों में सुबह साढ़े नौ बजे से दोपहर साढ़े बारह बजे तक आयोजित होने वाली आरओ–एआरओ की परीक्षा में कुल दस लाख छिहत्तर हजार अभ्यर्थी शामिल होंगे। इसके लिये प्रदेश भर में दो हजार तीन सौ बेयासी परीक्षा केन्द्र बनाये गये हैं। हर जिले में जिलाधिकारी को नोडल अधिकारी बनाया गया है जो परीक्षा की सम्पूर्ण व्यवस्था की निगरानी करेंगे और आवश्यकतानुसार त्वरित निर्णय ले सकेंगे। प्रदेश सरकार ने परीक्षा की निष्पक्षता सुनिश्चित करने के लिये एसटीएफ, खुफिया एजेंसियों और पुलिस विभाग को विशेष जिम्मेदारी दी है। समाचार कक्ष से मैं अरुण।***

**********

अजोध्या क मसहूर झूलनोत्सव मेला बिहने से सुरू होई। येह मौका पर अजोध्या के सज्जो प्रमुख मठ–मंदिरन के विग्रहन के सोभा जतरा निकारि के मणि पर्वत ले गइले के बाद झूला झुलवले क रिवाज हौ। येह मौका पर अजोध्या में लाखों सरधालुअन के सम्भावित भीड़ि के देखत जिला प्रसासन अउर स्थानीय पुलिस कड़ेर इंतिजाम कइले हौ। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि अजोध्या क ई मेला न त खाली धारमिक आस्था क प्रतीक होला बलुक अजोध्या क पुरान रिवाज आ लोक संस्कृतियो के जीवंत करे ला। मेला के दौरान हाइवे पर भारी गाड़ियन के अइले–गइले पर रोकि रही, हलांकि छोटहन गाड़ियन क आइल–गइल जारी रही।

**********

केन्द्र सरकार देस भर में आयुष्मान आरोग्य मंदिरन अउर राष्ट्रीय स्वास्थ्य मिशन में दस करोड़ अट्ठारह लाख से बेसी महिला लोगिन क सर्वाइकल कैंसर क जांचि करवले हौ। स्वास्थ्य मंत्रालय की ओरि से जारी एगो बेयान में ई जनकारी दीहल गइल बा। बेयान में कहल गइल हौ कि ई उपलब्धि गैर–संचारी रोगन क जांचि, रोकथाम अउर प्रबंधन कै जनसंख्या–आधारित पहल क हिस्सा हौ।

**********

हेल्थ डैशबोर्ड रैंकिंग में गोरखपुर जिला मई महिनना में पूरा प्रदेस में टॉप टेन में आइल हौ। सथहीं गोरखपुर मण्डल में जिला के पहिला जगहि मिलल बा। ई जनकारी गोरखपुर क मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर राजेश झा दिहलें।

**********